



Pou Piblikasyon Imedya: 18/03/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN MITAN PANDEMI COVID-19 KI ANKOU, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE
DEPLWAMAN BATO 'USNS COMFORT' KI GEN 1,000 KABANN LOPITAL NAN
NOUVO PÒ NEW YORK LA**

Gade [isit la](#) pou jwenn yon foto USNS Comfort

*Pibliye dekrè egzekitif ki mande biznis ki pa esansyèl yo pou aplike règleman
travay depi lakay la apati vandredi 20 mas*

*Biznis ki bezwen pèsonèl nan biwo dwe diminye mendèv nan biwo yo jiska 50
pousan*

*Sof pou sèvis ki esansyèl yo — Ki gen ladan endistri ekspedisyon, depo,
pwodiksyon episri ak manje, famasi, medya, bank ak enstitisyon finansye ki
konekte, ak biznis ki esansyèl nan chèn apwovizyonman an*

*Konfime 1,008 ka coronavirus anplis nan Eta New York - sa ki mete total nan tout
Eta a ak 2,382; nouvo ka nan 20 Konte*

*Gouvènè a te rankontre jodi a avèk Kò Enjenyèr Lame a pou diskite sou
ranfòsman kapasite lopital*

Nan mitan pandemi COVID-19 ki ankou a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke USNS Comfort pral deplwaye nan pò New York la epi ta dwe rive nan mwa avril. Bato ki gen 1,000 kabann lopital la gen 12 sal operasyon ki byen ekipe epi pral ogmante anpil kapasite lopital New York pou resevwa mas moun. Gouvènè a rankontre ak lidèchip Kò Enjenyèr Lame a jodi a pou diskite fason pou ogmante kapasite lopital nan New York.

Gouvènè a te anonse tou li pral pibliye yon dekrè egzekitif ki mande biznis ki pa esansyèl yo pou aplike règleman travay depi lakay la apati vandredi 20 mas. Biznis ki konte sou pèsonèl nan biwo yo dwe diminye mendèv nan biwo yo jiska 50 pousan. Dekrè egzekitif la egzante endistri sèvis esansyèl yo, ki gen ladan ekspedisyon, medya, depo, pwodiksyon episri ak manje, famasi, founisè swen sante, sèvis piblik, bank ak enstitisyon finansye ki konekte, ak lòt endistri ki enpòtan pou chèn apwovizyonman an.

"N ap fè yon lagè kont pandemi sa a epi nou konnen ke de nan fason ki pi efikas pou sispann li se nan redui dansite a ak ogmante kapasite lopital nou an pou sistèm swen sante nou an pa depase", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Deplwaman USNS Comfort

nan New York se yon mezi ekstraòdinè men nesèsè pou ede asire eta nou an gen kapasite pou jere kantite pasyan ki gen COVID-19 yo epi kontinye efò nou pou kontni viris la. Fè patenarya avèk sektè prive a pou oblije anplwaye ki pa esansyèl yo travay depi lakay pral fè yon bon travay nan ede panche tandans la. Priyorite prensipal mwen se pwoteje sante piblik la pou yon vag nouvo ka pa kraze sistèm lopital nou an epi n ap kontinye pran tout aksyon nesèsè pou atenn objektif sa a."

Finalman, Gouvènè a te konfime 1,008 ka Coronavirus anplis, sa ki bay yon total 2,382 ka konfime nan Eta New York. Nan total 2,382 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte Albany: 36 (13 nouvo ka)
Konte Allegany: 2
Konte Broome: 1
Konte Chenango: 1 (1 nouvo ka)
Konte Clinton: 1
Konte Delaware: 1
Konte Dutchess: 20 (4 nouvo ka)
Konte Erie: 7
Konte Essex: 1 (1 nouvo ka)
Konte Greene: 2
Konte Hamilton: 1 (1 nouvo ka)
Konte Herkimer: 1
Konte Monroe: 14 (4 nouvo ka)
Konte Montgomery: 2 (1 nouvo ka)
Konte Nassau: 183 (52 nouvo ka)
Vil New York: 1339 (695 nouvo ka)
Konte Onondaga: 2
Konte Ontario: 1
Konte Orange: 32 (17 nouvo ka)
Konte Putnam: 2
Konte Rensselaer: 4 (3 nouvo ka)
Konte Rockland: 30 (8 nouvo ka)
Konte Saratoga: 14 (5 nouvo ka)
Konte Schenectady: 14 (9 nouvo ka)
Konte Suffolk: 116 (32 nouvo ka)
Konte Sullivan: 1
Konte Tioga: 1
Konte Tompkins: 3 (1 nouvo ka)
Konte Ulster: 9 (1 nouvo ka)
Konte Warren: 1 (1 nouvo ka)
Konte Washington: 1 (1 nouvo ka)
Konte Westchester: 538 (158 nouvo ka)
Konte Wyoming: 1

Nan lendi, Gouvènè Cuomo te mande anplwaye ki pa esansyèl nan tout eta a pou travay depi lakay yo. Gouvènè a te òdone gouvènman lokal yo tou pou diminye mendèv jeneral yo a 50 pousan epi pèmèt anplwaye ki pa esansyèl yo travay depi lakay yo.

Epitou, nan lendi, Gouvènè Cuomo, Gouvènè New Jersey a, Phil Murphy, ak Gouvènè Connecticut la, Ned Lamont, te anonse yon apwòch rejyonal pou lite kont nouvo coronavirus la - oswa COVID-19 - toupatou nan twa eta yo. Nòm inifòm sa yo limite kapasite pil moun pou rasanbleman sosyal ak rekreyatif jiska 50 moun yo epi oblije restoran ak ba yo pou fèmen sèvis sou plas yo pou pase nan sèvis pote manje ale ak livrezon sèlman. Twa Gouvènè yo fèmen tanporèman sinema, sal jimnastik ak kazino tou.

###

Lèt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)